


# Epatit A Gid pou Dezenfeksyon pou Anviwònman Medikal yo

## Epatit A atrapan.

**Viris Epatit A preznan nan pou pou moun ki gen virus la. Si yon moun ki gen virus la pa lave men li apre li sot nan twalèt, li ka transfere pou pou sou moun, objè, manje ak bwason.**



## Ou dwe netwaye sifas moun manyen souvan yo.

- Wobinè yo
- Plak switch limyè yo
- Lavabo yo
- Telefòn yo
- Twalèt ak komod yo
- Klavye yo
- Sifas kizin yo
- Balistrad yo
- Chèz wo yo
- Tab ak chèz yo
- Machin a glas yo
- Chèz woulant ak wòkè yo
- Manch pòt yo
- Atik an twal yo
- Telekòmann yo
- Ekipman lwazi

## Sèvi avèk dezenfektan ki touye epatit A

### Solisyon Klowòks

Melanje  $1\frac{2}{3}$  kès klowòks ak 1 galon dlo (5000 ppm). Sèvi ak li touswit pou netwaye:

- Asye inoksidab
- Atik ki gen rapò avèk manje ak kontak avèk bouch
- Mozayik ak lòt sifas ki pa penetrab yo
- Kontè, lavabo ak twalèt yo

### Lòt Dezenfektan yo

Kòm klowòks la ka manje oswa andomaje sèten sifas, ou ka oblige sèvi avèk yon dezenfektan diferan: **asire ou ke li touye epatit A**. Li etikèt ak fich teknik pwodui yo.



### Lè w ap netwaye:

- Tcheke si zòn lan byen ayere.
- Mete gan.
- Mete kouvèti ki pwoteje rad ou.
- Kenbe dezenfektan yo lwen lòt pwodui chimik yo

## Etap pou swiv pou netwaye vomi oswa pou pou:

### Blok zòn ki kontamine a IMEDYATMAN.

1. Mete ekipman pwoteksyon pèsònèl (Personal Protective Equipment, PPE): de je gan (ou pral double gan yo), yon mask, pwoteksyon pou zye oswa yon pwotèj figi, epi yon blouz oswa yon bagay menm jan k ap pwoteje kò ou ak rad ou.

2. Netwaye tout vomisman oswa pou pou ki vizib. Sèvi ak materyèl absòban jetab tankou sèvyèt papye oswa chifon jetab. Manyen sèvyèt oswa chifon ki kontamine yo toupit otank posib.

3. Mete sèvyèt oswa chifon ki kontamine yo nan yon sak plastik rezistan.

4. Dezenfekte zòn nan ansanm ak objè ki antoure kontaminasyon an: sèvi avèk yon dezenfektan ki touye epatit A.

5. Lè ou fin netwaye ak dezenfekte, wete PPE a nan lòd sa a: wete gan sou deyò yo epi kite sa anndan yo nan men ou, wete blouz ou epi apre sa, wete mask ou.

6. Mete PPE a nan yon sak plastik rezistan.



7. Pandan gan anndan yo nan men ou toujou, pran tout sak plastik yo pou ou jete yo nan yon vesò fatra ki gen sekirite. Pa kite sak yo touche kò ou ni rad ou.



### Dezenfekte Ekipman Medikal yo Itilize pou Pasyan ki gen Enfeksyon yo

- Yo dwe konsakre ekipman medikal la pou chanm pasyan an,
- Oswa yo dwe dezenfekte ekipman an pafètman si yo retire li nan chanm lan.
- Itilize sèlman dezenfektan ak etap pou netwayaj fabrikan an rekòmande.

### Lave men ou avèk savon ak dlo tyèd k ap koule pandan 20 segonn:

#### ANVAN OU

- Mete gan jetab.
- Manyen oswa sèvi manje.
- Netwaye ekipman.



#### APRE OU FIN

- Manyen ekipman sal, poubèl oswa fatra.
- Manyen pati nan kò imen ki touni ki pa men ak bra ki pwòp.
- Sot nan twalèt.

**DEZENFEKTAN  
POU MEN  
KI ABAB ALKÒL  
YO PA TOUYE  
JÈM EPATIT  
A YO!**

- Touse, etènye oswa itilize yon mouchwa oswa klinèks.
- Itilize tabak, manje oswa bwè.

Pou jwenn plis enfòmasyon, rele liy enfòmasyon pou epatit A, lendi jiska Vandredi, 8 a.m. – 5 p.m., gratis: 1-844-CALL-DOH (844-225-5364).  
Imèl: HepA@flhealth.gov.

Jwenn plis enfòmasyon:  
FloridaHealth.gov/HepA  
CDC.gov/Hepatitis  
Immunize.org/Hepatitis-A